

Li gen senk aspè ki enpòtan pou bonjan devlopman timoun ou an. Chache plis eksperyans sou aprantisaj ki pou sipòte timoun ou an nan paj ki vin apre yo nan **Massachusetts Early Learning Guidelines for Infants and Toddlers (Gid sa yo disponib sèlman nan lang anglè ak panyòl)**, yo ka telechaje yo nan sit entènèt Edikasyon ak Swen Bonè (Early Education and Care) a: www.mass.gov/eec

Pale avèk mwenn!

Poze kesyon ansanm avèk timoun ou an...



Ou poze fondman devlopman sèvo ak aprantisaj pandan premye 3 zan nan lavi timoun ou an.

Ou se premye pwofesè timoun ou an.

Jenn Timoun (12 a 33 mwa) Timoun Piti (kòmanse depi nan nesans pou rive sou 15 mwa)

1	Devlopman Sosyo-Emosyonèl	p. 31	p. 101
2	Devlopman Langaj ak Kominikasyon (bwochi sa a)	p.47	p. 120
3	Devlopman Entèlektyèl	p. 65	p. 144
4	Sante ak Byennèt Fizik	p. 80	p. 153
5	Apwòch a Aprantisaj	p. 83	p. 163



MASSACHUSETTS
Department of
Early Education and Care

Sherri Killins, Ed.D., Komisè

Se Davis Publications, Worcester, MA
ki prepare travay sa a.



Konsiltan Early Education (entèvansyon Bonè) yo:
Susan Etheredge, Ed.D., Profesè ak Chèmann Edikasyon ak Etid pou Timoun, Smith College, Northampton, MA
Cathy Weisman Topal, M.A.T. Pwofesè Etid Vizyèl, Konferansye ak Pwofesè Atistik ak nan Estidyo, Smith College, Northampton, MA

Se Melissa Iwai ki fè ilustrasyon yo

© 2011 Massachusetts Department of Early Education and Care
Haitian Creole

Bagay Ou Ka Fè Ak Bebe W la

Aktivite pou Devlopman Langaj ak Kominikasyon

Tande

Tande dousman son deyò ak anndan avèk bebe w la. **Shhh. Koute. Kisa w tande?**



Imite

Imite son ak aksyon bebe w la. Fè jwèt gazouye. **Ba-ba-ba, Da-da-da**



Jwe

Itilize objè kouran yo pou envite timoun an pou l jwe. **Mwen wè w. Mwen wè je w ap gade m.**




Li

Li pou timoun ou an. **An nou li yon liv!**



Itilize ògan sans yo

Sèvi ak mo pou tout bagay ou ka wè, pran sant, tande, pran gou, ak touche. **O, w ap voye dlo sou mwen tou!**




Bagay Ou Ka Fè Ak Jenn Timoun ou an

Aktivite pou Devlopman Langaj ak Kominikasyon

Fè konvèsasyon

Pale anpil. Pale de sa w ap fè ak sa jenn timoun ou an ap fè. **Di m ak ki moun ou te jwe jodi a.**



Poze kesyon

Poze timoun ou an kesyon pou ankouraje l panse plis, pou l elaji kad jwèt la, epi pou l fè dekouvèt. **Kijan w te fè liy sa yo?**



Kreye epi Rezoud pwoblèm

Sipòte kiryozi timoun ou an. Mande timoun ou an pou l esplike chwa l yo epi pou l devine sa ki pral rive. **Kisa w panse k pral rive si w mete blòk ki koube a la a?**



Chante, Resite powèm, Fè kantik, Danse

Itilize vwa w ak kò w nan plizyè fason pou chichote, kalme, eksite, epi pote lajwa. **Tèt, zepòl, jenou, ak zotèy...**

Pretann

Imajine epi ankouraje w fè tankou w ap jwe. Sèvi ak nouvo mo pou esplike sa timoun ou an ap fè. **Kilès ou ye jodi a? Ki kote w prale?**



Patisipe

Bay timoun ou an travay pou l fè. Ede l pou w gide l nan demach pou l konplete aktivite a. **Èske w panse gwo traktè wouj la ta ka antre la a?**

